

## Chè Nouyòkè,

Pwoteje sante ak byennèt timoun se youn nan responsabilite nou ki pi enpòtan. Se youn nan responsablite ki pi difisil tou, sitou lè genyen menas – tankou anpwazònman plon (plonbemi) – pa fasil pou w wè. Timoun kapab antre an kontak avèk kantite plon lakay yo ki danjere – sitou kay ki te bati avan ane 1978 – nan respire pouzyè, oswa manyen ak manje kal penti nan ansyen penti ki gen plon. Konsekans lan kapab grav, epi pafwa li ka pa ka detounen, li kapab lakoz pwoblèm nan sante yo.

Bwochi sa a eksplike danje penti ki gen plon ak pousyè nan kay poze epi li bay fason pou w pwoteje timoun ou an kont anpwazònman plon.

Nou ka travay ansanm pou pwoteje sante timoun Nouyòk yo nan fè prevansyon kont anpwazònman plon nan penti lakay yo.

Kòdyalman,

*Letitia James*



Attorney General  
of New York  
**Letitia James**

## Resous

### **Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York**

(800) 771-7755  
ag.ny.gov

### **Biwo Pwoteksyon Anviwònman**

Albany: (518) 776-2400  
New York City: (212) 416-8446  
Buffalo: (716) 853-8404

### **Konnen Plis:**

Resous federal, resous leta, ak resous gouvèman lokal sa yo ba ou plis enfòmasyon sou pwoteksyon pitit ou kont anpwazònman plon nan penti lakay ou:

### **Depatman Sante Eta Nouyòk**

#### **Prevansyon Kont Anpwazònman Plon**

Sit sa a genyen lyen (links) pou pwogram prevansyon rejyonal ak lokal:  
[health.ny.gov/environmental/lead](http://health.ny.gov/environmental/lead)

### **Sant Kontwòl Maladi Prevansyon Kont Anpwazònman Plon**

[cdc.gov/nceh/lead](http://cdc.gov/nceh/lead)

### **Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal Etazini**

[www2.epa.gov/lead](http://www2.epa.gov/lead)

### **Pou w jwenn lis kontraktè sekirite kont plon**

[cfpub.epa.gov/flpp/pub/index.cfm?do=main.firmSearch](http://cfpub.epa.gov/flpp/pub/index.cfm?do=main.firmSearch)

# Anpwazònman Plon nan Penti

Kenbe Pitit ou ak Kay  
ou an Sekirite



Biwo Pwokirè Jeneral  
Eta New York

**Letitia James**



## Pousyè ak Penti ki gen Plon lakay ou danjere pou timoun

Avan yo te entèdi plon nan penti y ap pentire kay nan ane 1978, plon te yon engredyan abityèl nan penti yo te konn pentire ni anndan ak deyò kay. Si kay ou te bati avan ane 1978, li gen chans pou l gen omwen kèk penti abaz de plon.

Penti abaz de plon danjere sitou lè li kòmanse detòryore. Lè penti a epuize li kreye pousyè - tankou pousyè nan fenèt glisan (sliding windows), mach eskalye, balistrad - pitit ou gendwa respire l oswa vale l, sa ki ka ekspozè yo a plon. Timoun yo ka ekspozè a plon nan penti k ap dekalè, grave, oswa k ap dekole lè yo manyen l oswa lè yo manje l. Aktivite reparasyon kay k ap fwote ak sifas ki pentire, sifas ki pentire k ap fè ekal oswa pousyè, ka ekspozè timoun yo a plon tou.

Deyò kay ou, timoun yo ka ekspozè a plon nan jwe nan tè kal penti ki gen plon te kontamine deyò lakay ou.

## Danje yo

Plon toksik anpil, sitou pou timoun ki gen pi piti pase 7 lane. Pa genyen nivo plon ki nòmal yo idantifye nan san timoun. Menm yon ti kras kantite ka lakoz anpil pwoblèm sante, ak deranje kapasite pitit ou a pou l aprann ak pou l li, li ka gen pwoblèm konsantrasyon, ipèaktivite, fache ak lòt pwoblèm konpòtmantal. Anpil nan efè plon fè sou sante ka dirab. A yon nivo elve; plon ka lakoz domaj sou sèvo e menm lakoz lamò.

## Èske Pitit ou a te Ekspozè a Plon?

Lwa Eta Nouyòk mande pou yon founisè swen sante teste pitit ou a pou plonbemi lè li gen 1 lane epi ankò lè li gen 2 lane. Anplis de sa, nan chak vizit timoun lan jiska laj 6 lane, founisè sante yo dwe poze w kesyon sou èske pitit ou a te an kontak avèk plon epi pou yo teste l ankò si genyen yon chans li te ekspozè.

Paske sa souvan rive san okenn sentom, anpwazònman plon nan timoun souvan pa idantifyab. Yon tès sangen se sèl fason pou detèmine si pitit ou a te ekspozè a plon. An jeneral, si w gen enkyetid konsènan plon ak pitit ou a, ou ta dwe mande founisè swen sante w la si pitit ou a ta dwe fè tès. Asire w fè swivi yo epi mande kisa rezilta tès yo ye.

## Sekirize Kay Ou Plis Kont Plon

Pi bon fason pou w pwoteje pitit ou kont plon lakay ou se limite kontak li avèk li. Ou ta dwe: :

- Repare penti k ap dekalè oswa degradre lakay ou, oswa sifas - tankou chanbrann fenèt - kote penti a ap degrade. Si se ou menm k ap fè reparasyon an, rele depatman sante nan lokalite w la pou w konnen ki metòd pou itilize nan reparasyon kay kont plon san danje.
- Lave men ak jwèt pitit ou a souvan, puiske yo ka kontamine nan pousyè plon.
- Itilize mòp, twal, ak papye ijyenik, tranpe nan dlo, pou netwaye rebò fenèt yo, pui fenèt yo ak lòt sifas orizontal lakay ou chak 2 a 3 semèn.
- Kreye baryè pou elwanye pitit ou a de plon ki reprezante danje si sifas kote penti a ap degrade a pa ka repare imedyatman. Fèmen ak klele pòt chanm kote penti a ap dekalè oswa degrade a oswa itilize papye kontak oswa tep ki epè pou kouvri sifas k ap degrade a tanporèman.
- Verifye si pa deyò kay ou, galri ak lantiray, pa gen kras, kal oswa lòt degradasyon penti ki ka kontamine tè nan lakou lakay ou avèk plon. Pou evite plon kontamine tè lakay ou, mete bout kapèt deyò ak anndan tout pòt antre yo epi retire soulye nan pye w avan w antre. Anplis de sa, pa kite timoun yo jwe nan zòn kote tè a ka kontamine.

## Peye pou Tès

Pou fanmi ki gen asirans prive, tès depistaj plonbemi pou timoun a risk ekspozisyon ki wo yo, asire selon Lwa Swen Abòdab federal la (federal Affordable Care Act). Tcheke founisè asirans ou a pou w konnen ki sa ki genyen nan plan w lan. Anplis, Medicaid peye tès plonbemi pou tout timoun ki fè pati Medicaid.

Ou ka kontakte Dapartman Sante nan konte w lan tou pou wè si yo genyen klinik tès plonbemi oswa aranje pou fè tès pou timoun ki manke kouvèti asirans sante.

Pou plis enfòmasyon pou w fè timoun ou an teste pou plon, kontakte Depatman Sante Eta New York nan **800-458-1158** oswa vizite sit entènèt yo a nan: [health.ny.gov/environmental/lead](http://health.ny.gov/environmental/lead).

## Konnen Dwa Ou

Menm si ou lwe, ou se pwopriyetè oswa w ap planifye pou w achte yon kay, ou ta dwe konnen dwa w. Lwa sou pwoteksyon Risk Plonbemi egzije:

- Pwopriyetè yo pou yo kenbe kondisyon yo an sekirite lakay ou. Si w gen enkyetid penti abaz plon lakay ou ka prezante yon danje sou kesyon sante, diskite reparasyon nesèsè yo avèk pwopriyetè w la. Si w pa satisfè avèk repons pwopriyetè w la, kontakte yon avoka oswa yon biwo sèvis èd jiridik (vizite [www.lawhelpny.org](http://www.lawhelpny.org) pou w jwenn pwogram asistans èd jiridik gratis ki tou prè w).
- Vandè yo ak Pwopriyetè yo dwe devwale bay achtè yo oswa lokatè yo penti abaz plon yo okouran ak risk penti abaz plon pou kay avan 1978.
- Kontraktè k ap egzekite pwojè renovasyon, reparasyon ak pentire nan kay ki te bati avan 1978 yo dwe EPA ki sètifye epi ki swiv pratik travay espesifik pou fè prevansyon kont ekspozisyon a plon.

Si w kwè gen yon moun k ap vyole lwa sa yo, kontakte depatman sante nan konte w lan oswa Ajans Pwoteksyon Anviwònmantral Peyi Etazini nan **(800) 424-5323**.

Si ou menm oswa pwopriyetè w la ap itilize yon kontraktè pou fè amelyorasyon ki kapab deranje penti abaz plon lakay ou, asire w yo itilize yon Kontraktè EPA Sètifye sou kesyon Sekirize Plon.

Ou ka jwenn yon lis kontraktè sou kesyon sekirize plon nan: [http://cfpub.epa.gov/flpp/searchrrp\\_firm.htm](http://cfpub.epa.gov/flpp/searchrrp_firm.htm)

Timoun ak fanm ansent pa dwe prezan nan kay la pandan pwojè renovasyon, reparasyon ak pentire ki kapab dekalè penti abaz plon yo.